*Ассаламу гIалайкум!*

# ГЬУДУЛЛЪИ

№ 90
(9443)

2012 соналъул
*23 ноябрь*

*РУЗМАН*

*БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА*

# ГIАРАБУСТАНАЛДА РАКIАЛГИ ТУН РУССАНА

Чанго сон букIана исана инин,тIасиялъ инин ХIежалде сапар бухьине къасдалда, кинго къватIиве вахъине кIоларого. Жинда цадахъ ГIарабустаналде вилълъайила гIандисев, гIадада бахьикъосарал жал хъвалев вукIинчIогойилан кигIан тIаделъун вукIарав диргун пероцояв,ХIаж-миссиялъул хIалтIухъан ХIамзаев МухIамад-хIажи.



Кинха дун ХIежалде щвелев ахIун гьечIонани?

Гьале исана хъван букIун буго БетIергьанас хирияв авараг(с.а.с) гьавураб, гIураб,гьес диналъе гIоло гIетIги биги тIураб гIараб ракьалде дун щвезе.

Сапаралъул бицен кьезе. Гьесул кумек гуребани, исанаги бихьизе букIун батиларо дида, соназ дун урхъараб, Макка-Мадина…

Самолеталде рахараб мехалдагицин тIуванго божулев вукIинчIо ХIежалде воржине ре с щолеб бугин абураб чи жеги дандчIвачIо дида,нижерго росулъа динияв гIалим АхIмад-хIажи рикIкIинчIони.

Маша Аллагь БетIергьанас Юсуп-хIажие кьун бугеб гьваридаб иманги гIадлуги. Киналго хIажизабазул цIаралдаса аварагас (с.а.с) гьижра гьабураб Мадинаялде. РагIабаздалъун бицине, рехсезе кIоларебгIан кIудияб асар гьабуна нижее Мадина шагьаралъ.

Гьагъалъа Шамхалгун Равзаялде ворчIизе ва хIалил мададалъ гьениб как базе щвараб сордо гIадаб талихIаб мех дир гIумруялда жаниб букIинчIо киданиги. Бахчун щай,гьеб талихIалъул асаралда гьоркь мажгиталдаса къватIиве лъугьарав дун, Шамхалги «вилун», гостиницаги батуларого, тIубараб сордоялъ мажгит сверулев хутIана. Радакье дандчIварав цо местIерухьес





гьабилелде бокьун буго исана ХIежалде иналъе дие Аллагьас сабаблъун гьавурав Дагъистаналъул муфти,дирго лъикIав гьудул АхIмад-хIажи ГIабдулаевасе ракI-ракIалъулаб баркала жоялда. Амма «маххул хIинчI» эхеде ххаранагIан щулалъулеб букIана щуабилеб рукну тIубазе букIиналде божи-хьул.

Лъабго сагIатгун бащдалдаса нижер самолет Иорданиялъул ракьалда рещтIана.Ниж къукъабазде рикьана.114 абилеб къукъа бугоан нижер-37 бихьинчиги лъабго чIужугIаданги.

Нижее нухмалъи гьабизе идараялъ тIадкъан бугоан Тверь областалда иммамлъун хIалтIулев Шамил районалъул Ракьуса Юсуп-хIажида.

Жиндаса сабру бугев ракI-ракIалъулаб баркала кьезе бокьун буго гьев гIажаибго лъикIав инсанасе. Жиндирго горбода бох гьечIев инвалидги ваччун, багIарараб бакъукь къад тIавап гьабуна Юсуп-хIажица. Щивасда гуро гьедин гьабизе кIолеб, щивасе гуро гьеб бокьулеб. Аллагьги аваргги разилъаги, Юсуп-х1ажи дудаса.Халатаб сапаралда, нижехъа ккара-тараб гьалатI-хатIаялдаса тIасаги лъугьаха, диналъул вац!

… Сордо - къо нухдаги бахъун, щвана нилъер хирияв гостиницаялде щвезавизегIан.

Дуца Маккаялда тIавапго гьабизе кколарилан дида тIад релъанхъулел рукIана дир «история» рагIарал сапарцоял.

*(Ахир 3- гьум.)*





## Баркула!



Дагъаб цебегIан, РФялъул ХIукуматалъул председатель Д.А. Медведевасул бихьизабиялда рекъон, Россиялъул Федерациялъул лъабабилеб классалъул пачалихъияв гIакълучи абураб чин кьун буго нилъер ракьцояв республикаялъул налогазулаб управлениялъул нухмалъулев **ЖабрагIилов ГIумахан Алхасовичасе.**

Гьелъул магIна ккола районалъул тарихалда вахъанин тIоцевесев генералилан.

ГIумахан гьавуна ГIанди росулъ 1969 соналъ.

Налогазулаб системаялда хIалтIулев вуго 1992 соналдаса нахъе.

ГIумахан Алхасовичас нахъа тана гIадатияв инспекторасдаса республикаялъул управлениялъул начальникасде щвезегIан халатаб нух.

Бажари бугев нухмалъулев,тIадегIанаб гIаданлъиялъул инсан ГI.А.ЖабрагIиловасда ракI-ракIалъ баркулеб буго чиналъ ворхи ва гьарулеб буго цIия-цIиял бергьенлъаби.

**Жакъасеб номералда:**


ГЬАЙ МАШГЬУРЛЪУН ЙИКIАНА ДАГЪИСТАНАЛДАГО

*(2-гьум.)*

# ГЬАЙ МАШГЬУРЛЪУН ЙИКIАНА ДАГЪИСТАНАЛДАГО



Араб гIасруялъул лъабкъоабилел соназда районалъулги республикаялъулги спорталъулаб обществоялда жаниб жиндирго спорталъулал бергьенлъабаздалъун машгьурлъун йикIана ПатIимат ГIамирханова. Гьей гьаюна ва гIуна Болъихъ росулъ. КIудияб ВатIанияб рагъул хIаракатав гIахьалчи, «БагIараб цIва» орденалъулги ва гIемерал медалазулги кавалер Ругъжасев ГIамирханов ГIалилги (гьесда балъахъадерица «ГIаликI» абун тIокIцIар лъун букIана) болъихъай ШагIбанова Хатиматилги хъизаналда. Ругъжасев ГIамирханов Болъихъе ккеялъул интерес бугелги рукIине бегьулелъул цо чамго рагIи абизин гьесул хIакъалъулъги.

КIудияб ВатIанияб рагъда хадусел соназда нилъер ва мадугьалихъ бугеб ЦIумада районалъул ракьазда раккун рукIана гъачагъал. Гьелги рукIун руго 1944 соналда чачачнал гочинаридал рахчун гъоркь хутIарал чагIи. Гьезде данде рагъ баялъе районалде бачIана хасаб истребителазулаб группа. Гьелда гъорлъ вукIун вуго гьевги. Хъачагъал тIагIинарун хадуб гьеб группа биххидал ГI. ГIамирханов хIалтIизе лъугьун вуго милициялъул районалъулаб отделалде. Къисматалъ данде гьавун вуго болъихъай Хатиматгун ва Болъихъ батун буго жиндирго талихI. Гьарун ва гIезарун руго лъимал…

Гьезул цояйлъун ккола жакъа жиндир хIакъалъулъ гьаниб бицен гьабизесей ПатIиматги. Гьелъулъ гьитIинго бижана спорталдехун рокьи. Соналдаса-соналде гьелъул гьеб рокьи цебетIеялъе квербакъи гьабулеб букIана КIудияб ВатIанияб рагъда жиндие физическиябгун рагъулаб лъадари щварав, тушманасда тIад Советхалкъалъ ва гьелъул бахIарчияб БагIараб Армиялъ КIудияб Бергьенлъи босидал фронталдасан тIад вуссун хадубги чорхол къамартIлъи ва физическияб хIадурлъи гIодобе ккезе биччачIого гIумру гьабулев ва гIадамазул хIинкъигьечIолъи цIуниялда ракIбацIцIадго хIалтIулев вукIарав гьелъул инсуцаги. ПатIиматил спорталъулаб щибаб бергьенлъи кIодо гьабулеб букIана гьес лъикIаб рагIудалъунги сайгъатаздалъунги.



Амма, инсул рахъалдасан гьединаб рахъкквей йоххуца холаго къабул гьабулеб букIаниги ПатIиматил чорхолъ-рекIелъ спорталдехун рокьиги гьенир бергьенлъаби росизе бугеб таваккалги ва гIумруялъулаб хIаракатчилъиги букIана лъил бугониги рахъкквейго хIажалъулареб гIадаб. Гьеле, гьелъ квербакъулаан ПатIиматие спорталъулъ цоялда хадур цоял бергьенлъаби росиялъе. Аслияб къагIидаялда гьей тIадчIун йикIана екериялдаги халалъухъе ва борхалъухъе кIанцIиялдаги.

1959 соналда районалъулаб спартакиадаялда 100 метр ва 500 метр манзилалда рекериялда тIоцебесеб бакI ккуна Болъихъ №1 школалъул цIалдохъан ПатIимат ГIамирхановалъ. 1962 соналда МахIачхъалаялда тIоритIарал РСФСРалъул зоналиял къецазда борхалъуде кIанцIиялъул 1,40 метралъул ва халалъухъе кIанцIиялъул-4,5 метралъул гIорхъиги бахун чемпионлъун яхъана гьей. Гьединал спорталъулал хIасилги гьезие гIоло щварал цIаралги шапакъаталги гIемерал руго гьелъул…

1964 соналда ПатIимат лъугьуна Дагъистаналъул пединституталде цIализе. Гьениб цIалиги спортги цадахъ бачуней гьелъул букIана студентаздаги институталъул нухмалъулездаги гьоркьоб къадру-къимат…

1969 соналда тIадегIанаб лъайги педагогасулаб махщелги щварай ПатIимат ячIуна гIагараб районалде ва хIалтIула учительницалъун. 1970 соналда инсуца ПатIимат ригьнаде яхъинаюла жидерго росулъев ва гIагарлъиялъул вас ХIажигун. Байбихьула хъизамалъулаб гIумруялде ва тIалаб-агъазалде. ГIумру гьабулеб букIана цин Гъизилюрталда, хадуб-МахIачхъалаялда. Гьарула ва гIезарула лъимал. Дагънефталъул нухмалъиялда хIалтIулев вугев ХIажицаги учительница эбелалъги лъикIаб гIаданлъиялъулаб тарбияги кьун гIезавурав вас Мусаца лъугIинабуна Дагъистаналъул университеталъул юрфак, яс Алжанатицаги лъугIинабула гьебго. МахIачхъалаялда капитанасулаб чиналда правоохранительниял органазда хIалтIулев Мусаца ракIбацIцIадго тIубазабулеб буго жиндирго налъи, хIадурав вукIунев вуго кинаб бугониги кумек гьабун Болъихъ районалдаса вачIарав чиясул хъулухъ тIубазе. Гьединабго гIамал-хасият щун буго прокуратураялда хIалтIулей йигей гьесул яц Алжанатидеги…

Эбел-эменги хун хутIараб ах-хурги, мина-къайиги, узухъда гIагарлъиги буго ПатIиматил Болъихъ росулъ. Гьединлъидал батилаха гьей ва лъимал зама-заманалдаса щолел гьанире.

-Росулъе щведал батIияб гIодое йиччайги, батIияб рекIелгъейги ва рохелги бижуна рекIелъ,-илан йохун бицана гьелъ.

Йохун тейги гьей Дагъистаналдаго машгьурлъун йикIарай нилъер спортсменка ПатIимат. Районалъул ясазе спорт бокьизабиялъе чIагояб мисаллъун йикIарай ПатIиматил спорталъулал бергьенлъабиги ва гIумрудулаб хIаракатчилъиги ракIалде щвеялъе хIалтIи гьабуни лъикI букIинаан районалъул спорталъулал гIуцIалабаз. Гьанже гIолел ясазе гьелъ кIудияб мисалги ва таваккалги кьелаан букIараб. Масала, щай бегьулареб гьелъул гIагараб школалда зама-заманалдаса гьелъул спорталъулаб гIумру ракIалде щвеялъул мурадалда, халалъухъе ва борхалъуде кIанцIиялъул ва рекериялъул рахъалъ ясал-цIалдохъабазул къецал тIоритIизе.

**Ш. ГIАЛИЕВ**

# ГIАРАБУСТАНАЛДА РАКIАЛГИ ТУН РУССАНА





*(Байбихьи 1 - гьум.)*

Бищунго гвангъараб, бищунго ракIалда хутIараб ункъо къо бана нижеца Мадинаялда. Дунялалда бищунгоберцинаб, чIурканаб, сасараб аварагасе (с.ас.) тIолабго рокьиги хинлъиги кьураб шагьаралда.

Гьенир дандчIвана гIемерал гьудул-гьалмагъзаби, лъале-хъвалел, хIатта соназ рихьичIелгицин.

Нилъер районалдасаги гIезегIан чи вачIун вугоан исана ХIежалде: паспортистка Чакаридаса байбихьун прокурор Жамалиде щезегIан. Живго ХIажигIисаги вугоан багIарбакъ гIадин, цадахъ ОНОялъул чанго хIалтIухъангун. НалогазулкIудияв Набиевги вачIун вугоан щуабилеб рукну тIубазе хъизан-лъималги рачун. Администрациялъул бетIерав бухгалтер Хек-Магадаги бер чIвана, ХъахIаб рукъалъул тIолалго чиновниказул мунагьал чуризе вачIарав гIадин. Мажгиталда цее дандчIварай ПатIимат АсхIабовалдасаги вохана. Микрорайоналъул садикалъул хважаин Загьраги дандчIвана кIицIулгIаги. Гъагъалъа Хедил цIоросаролълъул хинкIазги лъикIаб асар гьабуна.

Хелкьал, гIалхъал, ансал, мунал, кьахъал, зилал, тIасдал, ра-халал, кванхидалъал–киналгоязде гIунтIун росабазул вакилзаби ругоан ракIарун хирияб гIараб ракьалда. ЦIакъго гIемерал рукIана гIандал. Махсароцин гьабулеб букIана исана хIежалда негралги гIандалги гурони чагIи гьечIилан... Амма бищунго ракIалда чIана Маккаялда гIандадерил росдал имам Тулпар-хIажица гьабураб вагIза. ГIек-гIекиялда гIодулел рукIана гIемерисел гIенеккарал,гьездаго гьоркьов гьал мухъазул авторги.

ТIавап гьабизе щвараб къоялъ Юсуп-хIажица бицана кидаялиго гIазухъахIаб букIараб КагIбаялъул гамачI, мунагьаз цIурал гIадамаз гIемер кверал хъваялъ чIегIерлъараб бугилан. Гьединлъидал, гьелда кверал хъвазе беццараб гьечIиланги бичIчIизабуна гьес.. Кваранаб рахъалдехун бугеб Ибрагьимил макъамалдаги кверал хъвачIого лъикIилан абуна гьес. Нижецаги, нухмалъулес абухъе, берцинго тIубазабуна КагIба рукъалда сверухъ тIавап.



Хадур ана Зам-зам гьекъезе.

КигIан гьекъаниги къеч буссунареб, цо гIажаибаб тIагIамалъул лъим бугоан гьеб. ГIемераб лазат босана нижеца сардазги къоязги зам-замалдаса. Къо-къо литра рокъобеги бачIана киназго.Цо-цояз цIикIкIунги бачIана…

Дица бицен гьабичIо Макка-Мадинаялда ругел гIадамазул хIеренлъи-хIалимлъиялъул, сабруялъул, гIадлуялъул.

Сабру, ХIажи, шукран, баракаллагь-гьеле бищун гIемер нилъер гIундузда рагIулел рагIаби. Тохлъукьего дуда тункани ялъуни хIатIида тIад хIетIе чIани, нилъер гьанир гIадин тIаде кIанцIизе, цаби къирщизе къасд гьабуларо гIарабаз, баракатаб гьурмада гIажаибаб гьимигун, тIаса лъугьайилан ишан гьабула, сабру, ХIажийилан хIеренго дур мугъзада квер бахъула.

Сверухъ бугеб берцинаб ахIвал-хIалалъ- иманалъ, гIадлуялъ, сабруялъ кIванагIан сабруялда, яхIалда, хIалимго рукIине тIамула нилъги, ракI тIерен гьабула, шайтIанги, ццимги, хъачIлъиги нахъе хъамула. Лъалаго, вихьулаго чи хисулеб, лъикIлъулеб бакI букIун буго ХIаж. АльхIамдулиллагь тIубана гIемерал соназул анищ. Аллагьас киналго бусурбаби ахIарал ратаги гьенире.

Хеккого роржана ХIежалъул къоял. Кутакалда къварилъана ракIал ГIарабустаналъул ракь тарабго. Я щвела тIокIал гьанире, я щвелароян щурулеб букIанин ккола щивав хIажичиясул, гьеб халатаб, хирияб сапаралъ хIеккинабураб ракIалъ.

ХIакъикъаталдаги кида кIоченеб Мадина, Макка, Мина?!

Арафа магIарде Муниса МухIамадхIажигун (ГIортIаколо дибирлъун вугев) рахараб ва халатаб дугIа гьабураб къо.

РахатIаса МахIмуд-хIажигун ва Кванхидалъа МухIамад-хIажигун ГIазизиялде чIумазда хадур араб къо. Гьениб щуго минуталъ щенон бараб цIадалъ къураб гьогьен.

Сабру ХIажи, ялла ХIажи,хамса реал-макьилъгицин рагIуна гьел гIемер гIундузда рагьарал гIараб рагIаби.

Гьанже рокъов щведал,щибаб какда хадуб гьардола Аллагьасда санайилго рес кьейин диеги дун гIадал аза-азар муъминзабазеги ХIежалде, хирияб гIараб ракьалде ине. Аминь!

**ГI. ГIУМАХАН**







**ГЬУДУЛЛЪИ**

*Газета гІуцІарал:*

*Болъихъ районалъул администрация ва редакциялъул коллектив*

***Учредители:***

Ботлихская районная администрация и коллектив редакции

*БетIерав редактор*

*ГI. ГIумаханов*

*Редакторасул заместитель*
**А. Агъларов**

*Жавабияй секретарь*
**П. Чупалаева**

*Отделалъул редактор*
**Ш. Лабазанов**

*Мухбир*
**П. Дибирова**

*Фотокорр.*
**Ш.МуртазагIалиев**

*Корректор*
**С. ИзмагIилова**

**Наборщица**
**П. Эльдарова**

**Верстальщица**
**А. Назирбекова**

**Программист**
**А. Ибрагьимова**

*Газета бищана редакциялъул компьютеразул цехалда, къабуна ООО «Лотос» типографиялда.*
*Адрес: 367018, МахIачхъала, Пушкинил къватI, 6*

*Газеталъул регистрация гьабуна Югалъулаб округалъул регионазда гьоркьосеб бакIалъулаб управлениялъ.*
*Регист. ПИ № 10 - 4614*

*Редакциялъул пикру кидаго гуро макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, тарихазул ва цоги-долги баяназул жаваб кьола гьезул автораз.*

*Тираж 2500*

*Наш эл. адрес druzhba555@mail.ru*




# РОСАБИ ВА ГIАДАМАЛ

## ЩОДРОДА









## ПРОКУРАТУРА РАЙОНА РАЗЪЯСНЯЕТ

**Принят закон, направленный на защиту прав граждан на приватизацию жилого помещения, в котором они не проживают, но не утратили права пользования им.**

Федеральным законом от 16.10.2012 № 170-ФЗ внесены изменения в статьи 2 и 11 Закона Российской Федерации «О приватизации жилищного фонда в Российской Федерации».

Законом изменены формулировки части первой статьи 2 Закона РФ «О приватизации жилищного фонда в Российской Федерации». Установлено, в частности, что приобретать в собственность жилые помещения в государственном или муниципальном жилищном фонде могут граждане РФ, «имеющие право пользования» данными помещениями, а не «занимающие» их, как это было предусмотрено ранее.

Сокращен круг лиц, согласие которых требуется для приватизации жилого помещения. Ранее его должны были дать все совместно проживающие совершеннолетние члены семьи, а также несовершеннолетние в возрасте от 14 до 18 лет. При этом требовалось согласие даже тех, кто уже ранее использовал свое право на приватизацию. В настоящее время согласие последних не нужно. Оно потребуется только от тех, кто правом на приватизацию еще не воспользовался. Исключено указание на совместное проживание членов семьи. Дело в том, что временное отсутствие не влечет за собой изменение прав и обязанностей по договору социального найма. Участвовать в приватизации могут все граждане, имеющие право пользоваться жилым помещением.

Уточняется, что приватизации подлежат жилые помещения государственного или муниципального жилищного фонда. При этом исключено устаревшее понятие ведомственного фонда.

**Д. ДЖАБРАИЛОВ,** ***и.о прокурора района***

## Бухгалтерский учет в 2013 году

В настоящее время организации, применяющие упрощенную систему налогообложения, от бухгалтерского учета освобождены. Ситуация изменится с 1 января 2013 года, когда вступит в силу Федеральный закон от 06.12.11 № 402-ФЗ «О бухгалтерском учете» (далее — Закон № 402-ФЗ). Сегодня организации, применяющие УСН, руководствуются положениями пункта 3 статьи 4 Федерального закона от 21.11.96 № 129-ФЗ «О бухгалтерском учете». Согласно этой норме, компании-«упрощенщики» освобождены от обязанности вести бухучет и, соответственно, представлять бухгалтерскую отчетность.

Закон № 402-ФЗ устанавливает единые требования к бухгалтерскому учету и бухгалтерской (финансовой) отчетности для всех организаций. Так в части 1 статьи 6 данного документа сказано, что любой экономический субъект обязан вести бухгалтерский учет. Исключения перечислены в части 2 этой же статьи. Однако организации, применяющие упрощенную систему налогообложения, там не упомянуты.

Организации, применяющие УСН, с 1 января 2013 года должны будут вести бухгалтерский учет и, соответственно, представлять в налоговые органы бухгалтерскую отчетность в общеустановленном порядке. С 1 января 2013 года на основании подпункта 5 пункта 1 статьи 23 НК РФ (в редакции Закона № 402-ФЗ) организации должны представлять налоговикам только годовую бухгалтерскую (финансовую) отчетность.

Предприниматели на УСН по-прежнему освобождены от обязанности по ведению бухгалтерской отчетности.

## К СВЕДЕНИЮ ГРАЖДАН И ЮРИДИЧЕСКИХ ЛИЦ!

Согласно приказу Министерства экономического развития РФ от 14 октября 2011 г. №577 «О порядке осуществления государственного учета зданий, помещений, объектов незавершенного строительства в переходный период применения Федерального закона «О государственном кадастре недвижимости» к отношениям, возникающим в связи с осуществлением государственного учета зданий, помещений, объектов незавершенного строительства» с 01 сентября 2012 года филиал ФГБУ «Федеральная кадастровая палата Росреестра» по Республика Дагестан приступает к осуществлению государственного кадастрового учета зданий, сооружений, помещений, объектов незавершенного строительства.

Прием документов осуществляется во всех территориального отдела и в центральном офисе филиала ФГБУ «Федеральная кадастровая палата Росреестра» по Республика Дагестан»

**Филиал ФГБУ «ФКП Росреестра» по Республика Дагестан**

Районалъул поликлиникаялъул ва «Гьудуллъи» газеталъул редакциялъул хIалтIухъабаз гъваридаб пашманлъи загьир гьабун зигара балеб буго тохтур Темирханов ХIажида ва гIагарлъиялда гьесул эбел **ЖАВГЬАР** Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. Аллагьас алжан насибалъун ятаги гьей.